Соколёнок

3/2019

май – июнь

# Лачен

0+

ДАГЪИСТАНАЛЪУЛ ХIУКУМАТАЛЪ КIИ-КIИ МОЦIИДАСАН ЛЪИМАЛАЗЕ БАХЪУЛЕБ ЖУРНАЛ



# Баркула юбилей

Аваразул пасихIай шагIир, мугIалим ва драматург Майсарат Сайпудиновалъул 80 сон тIубай нужерги нижерги рахъалъ баркулаго, хириял лъимал, гьелъул кучIдуздалъун рагьизин журналалъул цIияб номер. Мурад буго Майсаратие сахлъиги, нужго гIадал гIисинал – жиндирго лъималазулги лъималаз гьей йохизайи ва нилъее цIализе гьелъ жеги гIеме-гIемерал, лъикIалъикIал асарал хъвай.





Майсарат Сайпудинова

## Гьиме, лъимер

Гьиме, дир лъимер, гьиме,
Гьайбатаб дур гьимиялъ
Гьинал рекIелъ, накIкI гIадин,
ЧIчIараб ургъел хъамулин.
Гьиме, дир лъимал, гьиме,
Нужер разияб гьими
Эбелалъул рекIелъе
Бакъул чIорлъун лъугьунин.

# МугІрул гІор

МугІрузул гІор буго гІедегІун буго,
ГІащикълъун батила гьеб Каспиялъухъ.
ГІурумухъккун унеб машина буго,
МахІачхъалаялде батила сапар.

Рорхатал мугІрузул чабхилълъ баккараб,
Чан бакІалде щолеб Аваразул гІор.
МагІарул росабалъ гьарурацаги
Росу тун сапарал гьарула чанги.

Амма гьезул къисмат батІияб буго,
Гьелъ унтула даим дир ракІ гІоразда:
ГІагарал мугІрузухъ урхъараб мехалъ
Нахъруссун рачІине рес гьечІо гьезий.

# Гьудулалде

МугІрул кьурабазулдай
Кьун бугеб дуе гІамал
ГІумру кин ургъаниги,
Кидаго цо хІал ккурай.

Бехе унеб гІурулдай
Дуе лебаллъи щвараб,
Щиб жо цебе чІаниги,
Цее гурей унарей.

Гьудул, дур ракІ гьабураб
Гьадаб бакъул батила,
Гьелде гІадин гІащикъго
ГІадамал духъе цІала.






Дир гIагараб ВатIан, гьитIинаб росу,
ГIедегIун йиго дун духъе ячIине.
ГIелбащадал ясал, росдал гIадамал,
Кидаго дун нужехъ урхъарай йиго...

Рокьула рекIеда хъублъи лъаларел,
ГIаданлъи цIикIкIарал дур гIадамал дий.
Рокьула хIалтIуде хIасрат бергьарал,
Пинкьаз кверал цIурал руччаби, дие.

ТIаде къоккаралъуб, хIинкъи лъаларел
КъвакIарал, лебалал дур гIолохъаби.
Дур пикру гъваридал, рагIи бечедал,
Беричал мугжузул херал гIадамал.

Рокьула гьуинал дур пихъил ахал,
БачIин тIокIал хурзал, дур харибакIал.
Рокьула дур лъарал, лъикIаб тIабигIат,
Лъиего хирияб «Хамандала ицц».

Дир гIагараб ВатIан, гьитIинаб росу,
ГIедегIун йиго дун духъе ячIине.
ГIелбащадал ясал, росдал гIадамал,
Кидаго дун нужехъ урхъарай йиго.







# Вацлъиялъул адабият

## *Тумазул хъвадарухъан Мирза Давыдовас 80 сон т|убаялде*

# Хъахlаб гlанкlу



– Бахчаялдеги ун, хъахIаб гIанкIу щай къвакъадулеб бугебали лъазабе, – ян витIана гьитIинав Къурбан эбелалъ...

Гьеб букIана кIиго анкьалъ цебе эбелалъ базаралдаса босун бачIараб гIанкIу. «Кьариябги буго, берцинабги буго, къо гьоркьоб биччачIого ханалги гьарула, – ян беццана багIараб гьумералъул кIанкIудул бетIергьанас гьеб эбелалъе. – ГIазулаб къоялъ бачIана гьеб гIабулалда жаниса. Гьединлъидал гIазугIан хъахIабги буго.

Гьедин цевесев бетIергьанас бецциялъ батила цогидал гIанкIуялги тун, эбелалъ «ХъахIуч» босарабги.

– Ханал чIахIиял рукIунищ гьалъул? – ан эбелалъ гьикъидалги букъун зарги бихьизабун, гьадигIан рукIунилан абуна гьумер багIарав чияс.

– БитIараб бицунев чи вукIун вуго, – ян абуна эбелалъ рокъобе бачараб къоялъго гIанкIу къинлъидал. Хоно гьабун бахъарабго гIанкIу къвакъвадизе лъугьана. КъукI-къукI-къукI, – ан гьелъул гьаркьал рагIидал гIедегIун гIанкIудул бусен бугеб бакIалде ракIарана эбелги, Садикъги, Майсаратги, гьитIинав Къурбанги. Киназего лъазе бокьун букIана ХъахIуч щай ахIдолеб бугебали, гьелъ хоно гьабун бугища-

ли, батани кигIанасеб гьеб бугебали бихьизе. ГIанкIудул рукIнире кьуларал гьазда гьениб гьитIинабго хоно батана. Гьелдалъун эбелалъул ракIхвечIо.

– ГIисинал рукIаниги кIваричIо ХъахIучил ханал, къойилго кьинлъани гIела, – ян абуна гьелъ лъималазухъги ялагьун.

Гьелдаса хадуб цониги хоно гьабичIо гьелъ. Цо къоялъ ХъахIуч къвакъвадидал Къурбан хоно босизе витIана.

– ГьабсагIаталъ, – анги абун, вохуца холаго векерун ана Къурбан, гIанкIудул рукIун бугеб бахчаялде.

КъукIги бачунаго Къурбангун дандчIвазе бачIана ХъахIуч. Амма гIанкIу кьинлъизе гьабураб хIотол бусада гьаб нухалда хоно батичIо. БатичIо гьеб бахчаялда помидоразул кьеразда гьоркьобги. Къокъ гьабун абуни ХъахIучица хоно гьабун гьечIоан.

– КъукI-къукI-къукI! – ан зодихъеги балагьун, хъахIал куркьбалги ригъа-ришизарун ахIдолеб букIана гьеб.

– Цощинаб хъвек-цIумадаса хIинкъун гуродай гьеб ахIдолеб бугеб, – ан зодиве валагьана Къурбан. Амма кибниги боржунеб жо бихьичIо васасда.

– Дуца ниж гуккулел щай? – ан ХъахIучихъ квеш валагьана Къурбан. – Цеве вукIарав хважаинасин абуни къойилго кьинлъарулилан беццун букIана мун.

Васасул рагIиги сан гьабичIого, сихIирго гъоркьа-гъоркьан гьесда бералги речIчIизарун, жеги цIикIкIун гьаракьги борхизабун, къукI... бачана гIанкIуялъ.

– Дур ахIдейги къваригIун гьечIо дие, къукI бачинги хIажат гьечIо нижее. АхIдезе гуреб, ханал гьаризе босун букIана мун базаралдаса. КъукI бачине гуреб, кьинлъаризе щай дуда лъалареб? Ханал гьари гурищ дуда тIадаб иш. ТIубараб моцIалъ дур ханал ралагьулев вуго дун тIокъокъоноги борхун, бахчаги сверун. Дуцайин абуни моцIалъ хьихьараб мехалъ цо гурони хоно гьабичIо, – ян чIикIарулеб килищги хьвагIезабун гIанкIуялъе хIинкъаби кьуна Къурбаница. – ТIокIал ниж дуца гуккуге. Кьинлъаризе лъалареб батани, къвакъвадичIого чIезегIаги лъазе ккела дуда.

Къурбанил мацI жинда бичIчIулеб гIадин, гьесул кIалъай лъугIизегIан гIенеккунги чIун, гьев лъалхъарабго, ругьунаб къагIидаялъ къукIги бачун, жиндирго гьаракь рекъезабизе лъугьана ХъахIуч.

Гьеб мехалда ццин къазе кIвечIев Къурбанил гьумерги, мегIерги, жеги гIундулгицин багIарлъана.

–Гьанже бичIчIана, дуе бокьулеб бихьула гIадамалги махсароде ккун, гьел ралъаргъизе, нижеда тIад белъанхъизе, – ян заралги къан къавукъана Къурбан. – Гьединаб букIинчIебани цевесев хважаинас базаралдеги бачун бичилароан мун. ХIораб дур къвакъвади чIалгIун батила дос мун тIаса ккезабураб. Щибго щаклъи гьечIо, дудаго релълъараб гьерсихъан букIун батила дур эбелги.

Эбел хIакъир гьаюн абурал рагIаби рекIелъ къарал гIадин, гIанкIуялъ габур цIабуцIцIинабуна ва бугеб, гьечIеб гьаракьги бакIарун къукI бачине лъугьана.

– Мун хъокоца хъамаяб бахьикъос, – ан ХъахIучиде кверги хьвагIун, Къурбан рокъове ана.

– Хоно батарабищ? – ан гьикъана эбелалъ рокъове вачIарав васасда.

– БатичIо.

– Хоно гьабун хадуб гуребги, гьаваялде цIум бахараб мехалъги къвакъвадулеб гIадат буго гIанкIуязул.

– Дун валагьана, баба, зодиве. Амма кинабгIаги боржунеб жо букIинчIо лъоба... АхIадинго нилъ махсароде ккезе рачунел бакъналги къвакъвадиги буго гьеб.



Ана заман. Додинго къвакъвадулеб букIана хъахIаб гIанкIу. Гьеб гуребги къо бахъанагIан халат бахъунеб букIана гьелъул ахIи-хIур... Гьанже, цере гIадин гIанкIудул гьаракь рагIарабго, гьелъухъе гIедегIуней йикIинчIо эбелги, унел рукIинчIо лъималги, лъицаниги кIвар гьабичIого хутIун букIана ХъахIучги.

Рии тIагIана. ТIаде сентябрь моцIги щвана. Школалде къокъана Къурбан хутIизегIан гьесул вацалги, яц Майсаратги.

ЦохIо живго рокъов хутIарав Къурбанил ракI къварилъана. Вас гIодизехъин вукIана, циндаго эбелалъул гьаракь рагIун букIинчIебани:

– Къурбан, ва Къурбан, мун кив вугев, дир вас? Гьадаб бакъанберцин къвакъвадулеб рагIулин, цо бахчаялде щай унарев.

– Гали бахъунги инаро гьеб гьерсихъаналъул гьаркьида божун, – ан абуна Къурбаница.

– КъукI-къукI-къукI, – ан, ахIдолеб букIана гIанкIу. – КъукIгокъукI, – ан рикIкIалъана гьелъул гьаракь.

Цощинаб тIохде бахун гуродай бугебан валагьидал гьаваялда цIумги бихьана, цIудул малъаз ккун унеб ХъахIучги бихьана васасда.

– Баба! Ва баба! Нилъер гIанкIу цIудуца хъамун ана, – ян гьаркьал гьаруна гьес.

Къурбанил бадиса магIу чвахана. МагIил гIемерлъиялъ я гIанкIу, я цIум, яги жиндие ракI-макI гьабизе щварай эбел васасда рихьулел рукIинчIо.

– Бихьинчи гIодизе бегьулищ, – ан абуна эбелалъ.

– Бегьула, – ян жаваб кьуна Къурбаница. – ЦIудуца гIанкIу хъамулеб мехалъги, лъималгун школалдеги виччачIого, рокъов чIезавураб мехалъги, – ян гIодулев вукIана Къурбан.

*АхIмад Джачаев*
*(лъарагIазул халкъияв шагIирасул*
*80 сон тIубаялде)*

# Гъедо щай чIегIерлъараб



**Гъедо щай чIегIерлъараб,**
**Лъалищ, лъимал, нужеда?**
**Лъалез дида бицараб,**
**РекIелъ хутIана дида:**

**Цо нухалъ, бакъун, гъедо,**
**БогIоллъицин щвечIого,**
**Къо инегIан свердула,**
**Цо гордуда рештIуна.**

**НуцIа къирахъе буго,**
**Къавулъ щивниги гьечIо.**
**Гъадие щвана жакъа**
**Жиндир чехь гIорцулеб къо.**

**Берцинаб кванил махIалъ**
**Гъеду гIагарде цIцIана.**
**ЦIогъодулеб гIамалалъ**
**Катил квачIакье ккана.**

**Квешезе гIадин, нуцIа**
**Жибго гъункун къан ана.**
**КъватIий гьелъий нух щвечIо,**
**ХIулабазул рукъ цIуна.**

**Гьеб коронибе ккана,**
**КIкIуйдул тIалиниб къана,**
**ХъахIаб букIараб гъеду**
**ЛахI бахун, чIегIерлъана.**

**ЧIегIергъедолъун лъугьун,**
**Гьеб къватIибе борчIана,**
**ХIалица чIаго хутIун,**
**Бохун, гъеду къвагIдана.**

# ТӀасалъугъа

Къудкузухъе хъурщулеб,
Шурулеб буго кету.

РачӀги хадуб бехъерхъун,
Хъархъазулъ буго тӀепун.

Кумекалъе щун, дица
Роржинаруна хӀанчӀи.

Дир гьезда ракӀ гурхӀана, –
Гьезулги руго тӀанчӀи.

Кету цӀакъ пашманлъана,
Дунгун барщун лъугьана.

Чан гьелъухъа борчӀана,
Бегана, бечӀан ана.

Дун гьелдаги гурхӀана,
СуркӀинибе рахь тӀуна.

– Мун тӀасалъугьа, кету,
Баче квачӀ, кванай нису.





## Чода гурхӀулев НухӀбег

Рогьалилъ дир мадугьал
Сапаралде къачӀана,
ГъежтӀе хулжал рехана,
Чол кьолоде вахана.

Гьав васасул хӀикмалъи, –
Гьимула мадугьаллъи.
Гьасда гьеб кверш бихьула,
Гьезде вуссун абула:

– Нуж щай гьимизе кколел,
Заман щвечӀищ бичӀчӀизе,
Хулжал дица раччани,
Чодуе бигьалъила.

# ГӀодонакӀкӀ

Самун бараб квас гIадин,
Буго хъахIаб гIодонакIкI,
Гьелъ рукъзал рахчун руго,
Ракьалда хъегъон буго.

ГIодоблъиги ккун – кьерхен,
МугIрузтIа – бакъул кверлъин.
Борха,  накIкI, мун, тIогьазде,
ГьезтIа дур тIагъур лъезе.

НакIкI,  гIедегIе, рохсон а,
Вахчун вуго чанахъан,
Гьайбатаб жайраналде
Бихьилищ гьев чанги къан?

Же, жайран хвасар гьабе,
Гьесда бадибги бессун.
НакIкI, гьеб чан бахчизабе,
ХъахIаб тIимугъги бигъун.

# Бихьинчи гӀадин вукӀа

ЦIакъ гIодизе гIедерав –
ТIинав вас вуго нижер.
Лъималаз валъаргъуна,
Гьев ахIи бан, гIодула.

Дагьавго вакъаниги,
Макьиххун лъугьаниги,
ГIодухъвата кидаго
Чваххун магIид вецIцIула.

Дадаца азбаралда
Нижее «хъала» бана,
Тохлъун, гIащтIи гьесухъа
Жиндир хIатIида щвана.

Гьес вуцIцIунчIун, хIехьана,
Унти бахчун, гьимана.
– Дада, вахI, гIодичIого,
ЧIезе кин кIолеб дуда?

– ХIасан, дун гIодуларо,
ЯхI гьабун чIезе кIола.
МагIу бахчизе ккола,
Бихьинчи гIадин чIола.

Лъималаз васандизе
АхIулев вуго ХIасан,
«Унтун вуго дир вац» –  ин,
Абулеб буго яцалъ.

Унтарав ХIасанида
Лъимал хIикмалъун руго,
Унтаниги гIодичIев,
МагIил гIорал риччалев.

– Унтун вуго, амма дун
Гьадин яхIалда чIела,
ТIокIалъ гIодизе гьечIо,
Бихьинчи гIодуларо.



# ГIузаирил гIанкIичал



– Дир гьудулзаби, дида
Нусго гIанкIич бихьана,
РогьинегIан гIурдатIа,
Расандана, кIанцIана.

– Ле, ГIузаир, свакачIищ
Кидаго гьерсал рицун?
Нусго гуреб, анцIго гIанкI
Бихьун батила дуда.

– Гьудулзаби, ракI рагьун,
КIалъалев вуго нужгун,
Берал хъвалисаразул
Рехъен букIана дунгун.

– Гьа, чIанда бицинчIого,
ЧIани щибан, ГIузаир.
Цо гIанкI бихьана дуда,
БитIун щай бицунареб?

– ЛъикI буго, гьудулзаби,
Цо гIанкI бихьана дида,
ЦIакъ хIинкъараб, рачI къокъаб,
Хъархъида гъоркь кьерараб.

– ГIанкIго букIанадай гьеб,
МукIурлъе мун, ГIузаир?
– Уха, щибгIагидай гьеб,
Хъваши букIана гьениб?

*Буссинабуна ГI. Малачиевалъ.*

## ЦIалдохъабазул асарал

# ЛъикIлъиги Квешлъиги

*(КIиго пардавалъул пьеса)*

Гьоркьор гIахьаллъулел:

**ЛъикIлъи**
**Квешлъи**
**Нухлулав**
**Лъимал**

### ТIоцебесеб пардав

Гъваридаб гвандинаб гIодилеб бугеб лъикIлъи. Гьелъухъ, тIаса-гъоркьеги балагьун, белъулеб бугеб квешлъи.

**Квешлъи:** Бихьулищ дица дуе гьабун тараб жо. Дица дуда абун букIанагури гIадамазе дун бокьизе бугилан.

**ЛъикIлъи:** Дун гьелда божуларо, гьеб буго гIицIго цо-цоязул пикру. Дун гьечIони, ракьалдаса лъугIула талихIги рокьиги. ЛъикIал гIадамал гIемер руго ракьалда.

**Квешлъи:** Ругел ратании, щиб гьабулебха бугеб мун гвандиниб?

**ЛъикIлъи:** Гьайгьай, бахъинеб дун тIадеги, щвелеб дун щивасул рокъобеги. ГIадамазул кумекал-далъун цIидасанги тирилеб дун ракьалда.

**Квешлъи:** Гьа-гьа-гьа... РачIаха халгьабизе. Нилъеца гьеб гIадамазда цIехела. Квешлъиялда вихьула рикIкIадасан вачIунев нухлулав. Гьелъ гьев жидедаго аскIове ахIула.

**Нухлулав:** АсаламугIалайкум.

(Квешлъиялъ данде салам бусси-набуларо).

**Квешлъи:** Дидаги гьагъале гьадаб гвандинибе ккун бугеб ЛъикIлъиялдаги гьоркьоб ккун буго кIудияб дагIба. Гьолъ абулеб буго дидаса жиб бокьулила гIадамазейилан. Уяб жо бугищ гьеб? Дур пикру кинаб бугеб, хIурматияв нухлулав?

**Нухлулав:** Валлагь, диеги мун бокьилаха. Щайгурелъул, дуда цадахъ ругони, намусги къваригIунаро, ритIухълъиялъухъги гIинтIамичIониги бегьула. Огь-гьай, нужеда лъалебаниха букIунеб рахIатги, гьерсил нухдасан унеб мехалда, букIунеб бигьалъиги. Сундулниги, лъилниги ургъел гьабизе кколаро. Бакъ аги, къо агийилан, дунго диего гIун вукIани, иш цIакъ битIун ккола.

ЛъикIлъиялъулгун гьудулулъи гьабуни, гIемераб гIакъуба баччизе ккола. РитIухълъиялъе гIоло бигицин тIезе ккола. ГIадамазе кумекги гьабуни, загIипазул агъазги гьабуни, битIараб гурони бицунебги гьечIони, гIумру гьабизе дие цIакъго захIмалъиларищха.

**Квешлъи:** (гьираялда кечIги ахIулаго:)

ГIенекке, гIадамал, гIинтIамун бихье,
АхIизин цо сарин дун бокьулезе.
Дир талихIаб лахIзат нужей гьурщила,
Далай, далай, далай, далай-далалай,
Далай, дадай, далай, далай-далалай...

Цоцазда къвалалги ран, квешлъиги нухлулавги уна.

Пардав къала

Пардавалда нахъасан рагIула угьи-зигара:

**ЛъикIлъи:** ГIадамал, дун хвасар гьабе-е-е-е-е-е!!!



## КIиабилеб пардав

**Нухлулав:** Лъимал, рачIа цадахъ ургъизе, кин ЛъикIлъи хвасар гьабилебали. Гурони, ракьалдаса тIагIина ЛъикIлъи, ханлъи гьабизе буго Квешлъиялъ.

**Лъимал:** (цадахъ): вай, вай... Бокьиларо нижее лъикIлъи лъугIизе. Бокьун буго нижее гьеб хвасар гьабизе. Нижедаго лъала щиб гьабизе кколебалиги.

**Нухлулав:** Щибха гьеб кколеб? Дидаги бице, дицаги гьабила нужее кумек.

**Лъимал:** Дуца дуего гIоло гьабе лъикIлъи, нижеца нижеего гIоло гьабила. Цинги ЛъикIлъи жибго бахъун бачIуна тIаде. ТIоцебесеб иргаялда, нижеца хIаракат бахъила нижерго хъизамазда лъикIал рукIине – эбелалъе кумек гьабила, дахIабабаца малъараб гьабила, гьитIинал вацал-яцазул тIалабагъаз гьабила. КIиабилеб иргаялда, гьудул-гьалмагълъи гIемер гьабила. Лъабабизе абуни, лъазабила нилъерго рахьдал мацI, ахIила гьеб мацIалда ВатIаналдеги Эбелалдеги бугеб рокьул цIурал кучIдул.

Лъималазулги нухлулазулги гьеб накъит рагIараб ЛъикIлъи бохула, гьеб кечI ахIизе лъугьуна:

(Нухлулавги лъималги рекерула ЛъикIлъиялъухъе. Лъилниги кумекги гьечIого, гьеб гвандиниса бахъун бачIуна ва лъималаздехун кIалъай гьабула).

**ЛъикIлъи:** Гьалеха, лъимал, нужер кумекалдалъун дун хвасарлъана. Нужеда бараб буго дир талихI, бичIчIанищ? Баркала-а-а-а-а-а-а нужее! Киналго гIадамаз лъикIлъи гьабуни, ракьалдаса жибго лъутун ина Квешлъиги.

(Киналго цадахъ уна Квешлъи балагьизе. Цо борхатаб гохIдаги кIусун жиндирго талихIаб кечI ахIулеб бугоан гьебги).

**ЛъикIлъи:** Гьанже бихьилин цо дур хIал. КIолеб батани, къай дида аскIобе. Гьале дир кумекчагIи. ГIенеккея цо гьазухъги.

**Лъимал:** Нижеца киданиги тIокIалъ мун бохизабизе гьечIо, рагIанищ дуда, тIагIа нижеда цебеса, угъраш. (Хадур ганчIалги речIчIун, лъималаз хъамун араб Квешлъи гъваридаб гвандинибе ккола...) Лъимал, рачIа нилъецаго кидаго лъикIлъи гьабизе ракьалда. Нилъеда бараб буго ЛъикIлъиялъул хадусеб къисматги...

РагIулищ, Квешлъи, дуда дир гьудулзабазул кечI?
Дун бергьана, мун къуна, далай, далай, далалай...
РагIулищ, Квешлъи, дуда дун хириязул калам?
ХутIанагурищ гьанже мунго цохIо ракьалда!
Йохъ! Бергьине гьечIо мун, тахги щвеларо дуе,
Даим унтизе буго мун гIадинаб хIалихьат.
Лъималазги дудаса иркар гьабулеб буго,
Абадиялъ чIахъаги ЛъикIлъи нилъер ракьалда.

*Марьям МухIамадова,*
*МахIачхъалаялъул II гимназиялъул*
*7 классалъул цIалдохъан.*

*ГIалибег Керимов*

# Наял

Рижиго наязул – захIмат хирияб,
Гьезул гIадлу-низам бищун къвакIараб.
Наязда лъикI лъала тIогьол балъголъи,
Бищунго хириял хурдул ругеб бакI.

Берцинал тIугьдузда тIад свери бахъун,
ТIогьол хIур босизе бухьуна сапар.
Гьал тIугьдузул махIаз жидедехун цIан,
Киналгоги рекъон, къецбан хIалтIула.



# Кьужнайил бусен

Цо нухалъ харибакIалъ,
Кьужнайил бусен батун,
Гьезул хал-щал гьабизе,
Гьобол гIадин, ваккана.

Амма гьеб мехалъ лъана
Кьужнаязул «гьоболлъи», –
Жал рокьун вачIунесе
БухIигун унти кьолеб.



# ЦӀунцӀраби

ЦӀунцӀраби кванда хадур
ЦӀакъ цудунго рахъуна,
Рукъ къачӀазе сум-гӀучӀ гьез
Баччун унеб бихьула.

ХӀалхьи-чӀей жидер гьечӀел
ЦӀакъал гӀуцӀарухъаби,
ГӀадлу-низам цӀунараб
Гьезул гӀадаб бо гьечӀо.

ЦӀунцӀрабазухъ балагьун,
БитӀахъе бахиллъула,
ХӀалтӀизе гьезул бугеб
Гъираялда урхъула.



# Гьудуласе баркала

Къаси дихъе гьоболлъухъ
Дирго гьудул вачӀинчӀо,
Дарсал хӀадуризе дий
Заман «сайгъат» гьабуна.
Гьелъухъ гьале ракӀ-ракӀалъ,
Кьолеб буго баркала,
КӀал данде бачинчӀого,
КӀалъалев гьудуласе.



# ГIагараб росулъ

Гьал дир анищазулъ
Цоги ракь гьечIо,
Гьаб гIатIидаб авлахъ –
Гьале дир ватIан.
Гьаниб роол магъилъ
Меседил тIораз
БутIрул хьвагIулаго
Бачуна сарин.

Гьанир шур-шурудел
ГъутIбузул карал
Гъалаллъун рукIуна
ГIодоре далун,
ГIисинал тIамхазде
ТIаде ккараб щуб
Шавкъалда гьекъола
Бакъул чIораца.

Рихьулищ, цIилъулел
Дир росдал гьундул,
Соналдаса жакъа
Гьел гIемер руго.
РакIал аваданал росуцояца
Сахаб гIумру гьазухъ
Гьабулеб буго.



## Сейшелалъул цӀулакьо

Рималъул император Руфольф КӀиабилев вукӀана Германиялъул, Венгриялъул, Богемиялъул къираллъунги. Гьев гьавуна 1552-абилеб соналъ Венаялда, гьесие лъай щвана Испаниялда. ТӀубараб гӀумруялъго Испаниялъулгун гьесул лъикӀаб гьоркьоблъи букӀинчӀо. Жиндиего бокьулеб резиденциялъул Рудольфица тӀаса бищана Прагаялда Градчана замок ва гьениб расги бокьичӀого тӀаде къабул гьарулаан жиндирго губернаторалги генералалги. Астрологалги алхимикалги расги квалквал гьечӀого рорчӀулаан гьесухъе. Рудольф вагъулев вукӀана протестантазда данде. Гьес рахъ кколлаан ва кумек гьабулаан доб заманаялъул чӀахӀиял астрономал – Тихо Брогел ва Иоган Каплерил.

Голландиялъул адмирал Вольберт Германсзеница Португалиялъул флоталда тӀад, Андреа Мендозил амручилъиялда гъоркь кӀудияб бергьенлъи босана. Голландиялъул адмираласда ватӀаналда кӀудияб хӀурматгун дандчӀвай гьабуна. Нидерландиялъул хӀукуматалъул рахъалъ гьесие кьуна гӀажаибаб шапакъат – гьесул бахӀарчилъиялъул рагъулал ишазухъ – цо цӀулакьо! Гьеле гьеб цӀулакьо жиндиего щвезе анищ букӀана Рудольф КӀиабилесул. Рудольфица гьеб цӀулакьоялъухъ ункъазарго дукат (14 килограмм бацӀцӀадаб месед) кьолеб букӀана. Адмираласул хъизамалъ нахъчӀвана Рудольфил комиссионеразул гьари. Жиндир анищлъун букӀараб Европаялдаго цо гурони гьечӀеб гьеб цӀулакьо Рудольфие щвечӀо.

Цоги-цоги монархазги гьеб цӀулакьодухъ гӀеме-гӀемераб багьа кьолеб букӀана. Мисалалъе – къавул цӀураб гама кьелин абулелги рукӀана. БукӀине рес гьечӀеб божи лъун букӀана гьеб цӀулакьоде гӀадамаз: киналго унтабаздаса цӀунулеблъун, киналниги загърабазда дандечӀолеблъун, киналго тушбабаздаса цӀунулеблъун ва бечелъиги тӀадегӀанлъиги кьолеблъун рикӀкӀунеб букӀана гьеб караматаблъун тараб цӀулакьо.

Гьединаб маргъуяб цӀулакьо киб бижулебали лъиданиги лъалеб букӀинчӀо. Голландиялъулаз рикӀкӀунеб букӀана Мальдивиялъул чӀинкӀиллъабазда барщулин гьебилан. ГӀарабазул некӀсияб бицен батана, гьеб цӀулакьодул ватӀан Ява кколилан. Гьеб цӀулакьо цӀунулеб Рухх абулеб кӀудияб хӀинчӀ носорогалги пилалги кваназе араб мехалъ, лъадалъ ругел рохьазда бижулила гьеб. Рухх хӀинчӀ тӀадбуссун бачӀиндал, лъеда тӀад тӀамун букӀунила цӀулакьо. Шагърузадал «Азаралда цо сордо» маргъабалъги буго гьеб цӀулакьодул бицен.

Ва гьале, 1742 соналъ Франциялъул, араб бакӀ лъачӀого тӀагӀарав цӀар рагӀарав Лаперузал ахираб сапаралъул цӀех-рехалъ арал гӀадамазда, ракӀалдаго гьечӀого, доб маргъуяблъун рикӀкӀунеб букӀараб цӀалакьо батана! Мадагаскаралдаса северaлдехун ва бакъбаккудехун ругел Сейшелалъул чӀинкӀиллъабазда бижулеб букӀун буго гьеб. Гьеб цӀехрехалъул, ботаник Жак де Лабиллардьеца хъвана гьеб пальмаялъул цӀулакьодул хӀакъалъулъ, гӀатӀишатӀидго. 1898-1899 соназ, океан лъазабиялъул гӀалимчи Карл Хун жиндирго гамитӀа ана Сейшелалъул чӀинкӀаллъабазде, доб машгъу-



раб цIулакьодул хIакъикъат лъазабизелъун. Гьенир чIахIиял гурони гъутIби гьечIолъиги хIисабалде босун, цIулакьо тIубанго тIагIун иналде, цIиял гъутIби чIезе кколилан хъвана гьес. Гьебго мурадгун, Викториял къираллъиялъул хIукуматалде гьаригун, Маскаренскиялъул чIинкIиллъабазда ботаникияб ахил директор Джон Горнги къватIиве вахъана.

Сейшелалъул чIинкIиллъабазда цIулакьодул цIиял гъутIби чIолел ва гьел гIезарулел руго. ЦIакъ хIинцго гурони кIудиял гIоларо гьел. Нусго сонгIаги бачIеб гъотIода пихъги бижуларо. Бижарабги барщизе хIажалъула анлъго сон! Амма кинакинабцIулакьохагьебгъотIодабижулеб! Гьелъул цIайи 16 килограммалде бахуна, метралдаса цIикIкIараб свериги букIуна гьелъул. Дунялалдаго бищун чIахIияб пурчIунги буго гьелъул. (Пихъин абуни, гьелъулалдаса чадигъотIол кIудияб буго. Гьединаб пурчIун гъотIода 70-ниги букIуна. ГIемерисеб цIулакьо лъабиде яги анлъиде бикьараб букIуна. Гьелъул ракI кьер гьечIеб, гIицIго гIадатияб цIулакьоялда релълъараб тIагIамалъул букIуна. ЦIулакьо жаниса къвакIула ва пилалъул ракьа гIадаб жо лъугьуна. Гьединаб цIулакьо квине кIоларо ва бакIлъиялъ лъетIа баччичIого, тIиналде уна. Жаниса туридал, океаналъул лълъел чваххиялъ Индиялъул океаналъул киналниги чIинкIиллъабазде щвезабула.

КигIан гIасияб буран пуниги, гъветIалъе расги къварилъи кколаро. Щуго метралде гIагарарал чIахIиял тIамхалги рукIуна гьелъул. Пералда релълъун биццалъула гьелъул рохтиги. Щурминияб чIчIараб пер гIадин берцинго бижула гьеб хIохьокьанги. Рохти сверун сурдалъелал гIадал картIалги лъугьуна гьелда, гьел картIахъан къватIиреги тIирщун, ракьулъе уна кьалбалги. КигIан гIасиял чвахунцIадал раниги, гьеб пальмаялъул хъалаца тIохги гIеккезе биччаларо.

# Баобаб

Ракъдаллъиялъ гIицIтолохIочлъун букIана балагьун бер щолареб гIатIилъи. ТIегь-ххерги бакъуца чIурхIун, кьерссун букIуна сверухълъиялдаго тIабигIат. Пашманаб рагIад рехараб авлахъалда, гьеб чIамучIлъи бачахъизе гIадин, риццатал гъутIбузда хъахIал тIугьдул тIегьазе лъугьуна. Хьул цIилъараб гьурмада гьими гIадин, цIидасан чIаголъула сверухълъиго. МахI берцинал тIугьдузул чIахIалъи! – Къого сантиметралде бахуна гьезул свери. Баобаб ккола цIакъго хIикматаб гъветI. БагIариялъ гьелъул киналниги тIамхал гIодоре гъуна, жибгойин абуни, хъахIаб тастар тIаде рехараб гIадин, тIогьолъ босун букIуна.

РакIалдаго гьечIого зодихъе накIкIал ракIарула, тIупан тIолеб гIадин цIцIадал рала. ЦIидасан гIурччинлъула баобаб, къеч хьвазабула бакъвараб ракьалъул.

Баобаб гъветI борхатаб букIунаро. 12, къанагIат 18-25 метралде бахуна гьелъул борхалъи. Амма, 9,5 метралъ биццалъула гьелъул рохти.

Ботаник Мишель Адансоница I8 векалда Сенегалалда цIех-рех гьабуна 9 метралъул гIеблъи бугеб баобаб гъотIол. Гьес рикIкIунеб буго 5150 сон бугин гьеб гъотIолилан. Кин гьес гьеб хIакъикъат рагьарабали гьесул жиндирго балъголъилъун хутIана. Цогидал гъутIбузул гIадинал рарал сонал лъазе кIолел баргъичал гIадал свераби баобабалъул рукIунаро.

Экспедициялда 4-5 азарго сон балилан хъвалеб букIаниги, ботаниказ Зимбабвеялда бищунго залимаб баобабалъул азарго сон бугилан



чIезабуна. Гьезул щаклъи ккана, 20 гIасруялдаса тIаде гьеб гъветIалъ базе батиларилан. ГъветI хехго кIудияб гIола ва лъеберго сон induced

КигIан биццатаб букIаниги, тункIил гулла гъорлъан ун борлълъула баобаб, гьеб миккил яги лъорил гъветI гIадаб къвакIараб гьечIелъул. ЦIадал ралеб заманаялъ гьелъ лълъадал жиндиего гIураб нахърател гьабула. Гьоркьохъеб биццалъиялъул гъотIол цIулалъги хъалалъги 120 тонна лъим «гьекъолеб» буго. Гьелъул хIакъалъулъ жиндирго гIатIид гьабураб монографиялда Генрих Вальтерица хъвалеб буго. Гъваридго ракьулъе риччарал кьалбазги гIезегIан лълъим цIцIулеб буго гъотIолъе. ГъотIол тамахаб макъаралда гьодори гIемер лъугьуна. Гьел гьодринир хварал гIадамалгицин рукъула. Англиялъул машгьурав сапарчи Давид Ливингстонида батана жанив 20-30 чи вегизе бегьулеб гьодораб баобаб. Гьедин гьодорлъараб рохти букIаниги, гъветI жеги бакъван гьечIоан. Авлахъалда ккарал цIаяз рекIелъе ккун бухIаниги, баобаб щибго ккечIеб гIадин, чIаго хутIула. ГъветI цIидасан хъалаца бацула.

ЦIакъго ракъдаллъиялъ хIал гьабурал соназ, гIемерго хъантIун гьекъараб къанагIатаб цIцIадал лълъел хIасилалда, сонал аниги биццалъичIого, гьелъул гIаксалда тIеренлъунги лъугьуна баобаб. Африкаялъул гъветI-хералда гьоркьоб бищунго къиматаблъунги рикIкIуна баобаб. Гьелъул щибниги гIадада холаро. ГъотIол гьодори бакIалъул гIадамазе рукъалъулги клубалъулги бакIалда чIола. ТIасахун рагьараб бугониги, гIемераб лъим бакIарараб хIавузлъунги лъугьуна гьеб. Гьелъул хъалал гьарула куналги щулиял кваралги. Баобабалъул цIулал гьарула лъедолел русбиги. Гьелъул цIул кагъат гьабизе Европаялде битIула. Сенегалалда, тIех гIадин тIамхалги макъарги ххенон, цIцIамулги пилпилалъулги бакIалда кванилъги хIалтIизабула гьеб. БакIалъул гIадамаз гьелъул тIамхал салат гIадинги кванала. Баобабалъул гъветI бижулеб бакIалда бахча бекьуларо, гьелъул тIамхал киналниги овощазул бакIалда чIолилан рикIкIуна гьез. Бакъуца тIамах гъенараб багIарараб заманалдаги, баобабалъул гъотIол пихъ холаро.

ЦIулал руцIун гьаруралин кколеб, чIегIерал, чIахIиял охцерал гIадаб пихъги бижула гьелъул гъотIода. Баобабалъул пихъил къвакIараб гIабулалда жаниб батула хъарпузалъул гIадаб тамахаб багIараб ракI. Гьелъул дагьабго цIекIккараб тIагIам релълъуна имбиралда. Гьелъул рекIелъ букIуна гIемераб пурчIун. Маймалаказеги цIакъ хирияб пихъ ккола гьеб. Гьелъго батила «маймалаказулкванигъветIиланги» абулеб баобабалде.

Пилазги кванала баобабалъул тIамхалги, гIаркьалабиги, рохтиги. Тамахаб букIиналъ, кIудияб зарал гьабула пилаз гьел гъутIбузе. Хъархъазги хвезабула баобабазул тIаде цIикIкIин. Цониги батIияб гъветI жиндаго аскIоб букIине бокьуларо гьелъие. Гьединлъидал, ризал рохьазда баобаб бижуларо. ГIатIилъи ва эркенлъи хирияб гъветI ккола гьеб. Гьел руго Мавританиялъул югалдаса Африкаялъул бакъбаккул гIатIилъабаздаги, Суданалдаса бахъараб югалъул гIодоблъииялде щвезегIанги.

Нилълъ ругьунлъун руго баобаб гIицIго Африкаялъул гъветIлъун рикIкIине. Гьеб мекъи буго. Майдералда, Канаралъул чIинкIиллъабазда, Индиялъул океаналъул чIинкIиллъабазда, Мадагаскаралда руго баобабалъул гъутIби. Австриялъул северaлдайин абуни, дагьалго батIиял баобабал рижула. Кир ругониги, жидерго тIокIлъаби цIунун руго гьезул. Квинслендалда цо баобабалъул гьодриниб шагьаралъул туснахъгицин бан букIана!

# Биценал



* * *

Бикъараб хIама бичизе базаралде анила цIогьор. Гьениб цоги цIогьорас хIамаги бикъун ун батун, чIового нахъвуссине кканила гьев.

— КигIаналде дуца хIама бичараб? — ан гьикъанила гьесда гIадамаз.

— КигIаналдего бичичIо. Дихъаго мухьги инчIого щвараб букIана диеги гьеб хIама. Гьединго щибго багьа-къадар диеги щвечIого дидасаги батIалъана гьеб хIайван, — ан жаваб гьабунила гьес.

— Босараб багьаялде бичунги рагIулаха! — ян релъанила цIогьорасда гIадамал.

* * *





Цо чиясул рокъореги кIанцIун, бикъизе гIадаб жо балагьулел рукIанила цIогьал.

— Нужерги заман гIадада хвезабулел чагIи ккола нуж. Къад тIубараб къоялъ балагьаниги, дида дирго къавулъ щибго багьа хирияб жо батичIо. Къаси сардилъ балагьун нужода щиб батизе бугеб? — ан велъанила цIогьал тIадго кквезе щварав рукъалъул бетIергьан.

* * *

Цо цIогьорас кидаго лъимал рикъулаанила ва ричулаанила. Цоги батIияб буголъи-хазинаялде гьес квер бугьулароанила. Гьедин гьабиялъе гIилла щибилан цIехедал, цIогьорас жаваб кьунила:

— Доб дунялалда гIадамаз гIарац-месед нахъе тIалаб гьабуни, гьеб дица кисаги босун гьезие кьезе бугеб? Амма дида лъала киналго гIадамалго гIадин, дол дица рикъун ричарал лъималги хваралъуса чIаго гьарила, жидерго лъимал тIалаб гьаридал, гьагъале ножор лъимал абун гьел рихьизаризе дие бигьа букIина, — абун.

Цо гIабдаласда лъималаз ганчIал речIчIулел рукIанила. Гьесдаса тIурун унев гьесда нухда данде кканила кодоб лъимерги ккун ячIуней гIадан. РечIчIун тIадгун, вуханила гIабдалас гьей гIаданалъул кьергIанав вас.

— БетIергьанас дуде балагь тIамила, гIабдал! Щиб дир гьитIинаб лъимералъ дуе гьабураб квешлъи! — абун ахIданила чIужугIадан.

— Гьагъал дида ганчIал речIчIарал лъималазул ригьалде вахиндал, гъоздасаги квешав лъугьине бегьула дур вас! — ан абунила гIабдалас дой гIаданалда.

* * *

Живго хвелалде ирс бикьизе бокьарав цо чи анила цоги чиясухъе, гьеб кин гьабуни лъикIилан цIехезе.

— Дир буго азарго динар. ЧIужуялъеги, васасеги, ясалъеги гьеб ирс кин дица рекъезабун бикьилеб? — ан цIеханила гьес.

— Дур чIужуялъе ирсалъе щвела къороллъи, васасе — бестIаллъи, ясалъе — гьардухъанлъи. Дур азарабго динарин абуни, бикьун кьезе ккола хIалтIизе кIоларел мискинзабазе, — ян абунила дов чияс.

* * *



# БицанкIаби



***

КIикъоялда ункъо гIакъил
ЧитIиралда чIун рихьула,
ТIоцевесев «А» цIар бугев,
Ахирисев «Я» цIар бугев.




***

Дун гьудуллъун гьабунщинав
Гьаб ракьалда гIакъиллъила.
Къойил цо-цо дун рагьани,
Дурги пагьму камиллъила.



***

Дун нужеца кодоб ккведал
Кагътида тIад басандула,
Гьенир лъурал дир лъалкIаца
Лъималазул лъай борцуна.



***

ЦохIо рокъов анлъго вац,
Иргаялда гьел хIалтIула,
Цинги нужер альбомалда
Анлъкьерилаб нур рештIуна.



***

Пусма гьечIев васасухъа
Босулаго тIехь бихъани,
ТIанчал седон сах гьабизе,
Дун гьечIого бегьуларо.




***

Нилъ макьида, гьеб рорчIи ккун,
Нилъ хIалхьуда, гьеб хIалтIуда.
Школалде мун киданиги
КватIизе гьелъ тезе гьечIо.



***

Азбаралда гьой гІадинан
Гьоболасде хІапдолареб,
ЦІогьаздаса рукъ цІунизе
НуцІикІалтІа буцІцІун чІараб.



***

Сардилъ цебе нух гвангъизе
Бераз хъахІаб канлъи кьолеб,
Лъалхъиналде нахъа бакун
БагІараб бер кунчІун чІолеб.



***

Гьалъул бохдул маххул руго,
Бетон тІураб тІохги буго,
ТІун букІараб кІиго рагІал
Гьалъ цолъизе гьабун буго.

***

Чу гІадинан гьаб кІанцІола,
ЧчугІа гІадин гьаб лъедола.
Лъарахъ, хьуцІилъ гьаб букІуна,
КІкІурби, хІутІал гьалъ кванала.



***

Берал рикІкІалъаралго
КІал гьакІкІалеб маххул хІинчІ,
Ххамги, кагъатги, къехьги
КъотІулеб гозобегІер.



***

Цо-кІиго лахІзаталде
Дунял сверун руссунел,
Сверухълъи бихьаниги
Цоцазда рихьуларел.



# МахIачхъалаялъул 14 школалъул цIалдахъабаз рахъарал суратал

















**Багьаотдинова Фатима 5 «Б»кл.**
***ГI. Хачаловасул “Шахламаз” ассаразда бахъараб.***
**Майдурова ПатIимат 8 “А” кл.**
***“ ГIахьалаб магIишат” абураб маргьу.***
**Къурбанова ПатIимат 10 “А”кл.**
***ЦI. ХIамзатил “ Айдемир ва Умайгьанат”***
**Лейла Къурбанова 6 “А” кл.**
***“Ралъдал чу” (маргьа)***
**Мадина ЖабрагIилова 8 “А”кл.**
***ГI. Хачаловасул “Шахламаз” ассаразда бахъараб.***
**Зарема ГIалисултанова 6 “А” кл.**
***ЦI. ХIамзатил “ ГъалбацIги гIанкгIи”***
**Сапият Мусалова 8 “Б” кл.**
***ЦI. ХIамзатил “Пилги цIунцIраги”***
**Супайнат ШамирхIажиева 8 “Б” кл.**
***“Цадахъаб магIишат” (Маргьа)***
**Пайзат Сайгиднурова 8 “Б”кл.**
***ГI. Хачаловасул “Шахламаз”***





Соколёнок

ISSN№0203 - 3682

# Лачен

3/2019

май – июнь

Иллюстрированный детский журнал.
Издается один раз в два месяца.

**Учредитель:**
Министерство информатизации, связи и массовых коммуникаций Республики Дагестан.

Регистрационный номер
серия ПИ №ТУ05-00413 от 22.04.2019 г.
выдан управлением Роскомнадзора
по Республике Дагестан.

Издается с января 1980 г.

**Руководитель – главный редактор**
Мурад Ахмедов

**Редколлегия:**
М. АХМЕДОВ
М. МАГОМЕДОВ
А. МАЛАЧИЕВА **(редактор выпуска)**
М. АБДУЛХАЛИМОВ
М. БАРТИХАНОВ
Т. ЗУРГАЛОВА **(ответ. секретарь)**
М. ПАТАХОВ
Г. ХАБИБОВ

**Художественный редактор** З.Даганов
**Технический редактор** Т. Лузина
**Художник номера** М. Муталибов

Формат 60х84 $^{1}/_{8}$.
Бумага офсетная.
Уч. изд. л. 3,17.
Уч. печ. лист 3,26.

Сдан в печать 27.06.2019 г.
Выход в свет 05.07.2019 г.
Тираж 1315 экз.
Заказ № 391.

**Типография:**
ООО «Издательство «Феникс-пресс».
**Адрес типографии:**
367018, РД, г. Махачкала, ул. Петра I, 61.

**Редакция и издатель:**
Государственное бюджетное учреждение Республики Дагестан «Редакция республиканских литературных журналов «Соколёнок» и «Литературный Дагестан»
**Адрес редакции и издателя:**
367000, РД, г.Махачкала, ул. Даниялова, 55.

**Электронный адрес редакции:**
litdag@mail.ru

Аварский язык

Индекс: на год - 63277,
на полугодие - 73902.

Цена свободная.